Glossary of Terms: WIA Services for Individuals with Limited English Proficiency.

Able and Available (A&A)	**Kapab epi disponib (A&A)**	The requirement that a recipient of unemployment insurance (UI) benefits be able to work and available for work in order to receive benefits	Se jan yon moun ki pap travay k ap touche lajan chomaj li gen pou sa pou l kapab al travay epi pou l mete tèt li aladispozisyon pou l jwenn travay pou l ka kontinye touche.
Additional Claim	**Demann anplis**	An application for unemployment insurance benefits for a new period of unemployment within a benefit year after a break in benefits of at least one week due to employment.	Se lè yon travayè oblije ranpli yon aplikasyon ankò pou l resevwa kòb nan men asirans travay li apre yo te sispann peye li paske li te kòmanse travay pou yon semèn epi li sispann.
Adjudicator	**Envestigatè**	An individual who, on behalf of the state, investigates issues which could affect unemployment insurance benefit eligibility and who issues initial determinations resolving those issues.	Se yon moun ki mennen envestigasyon pou Leta, dapre enfòmasyon li jwenn sa ka detèmine si moun ap kontinye resevwa oubyen pap kontinye resevwa lajan yo peye li pandan li pap travay.
Administrative Law Judge (ALJ)	**Jij Administratè lwa yo (ALJ)**	An individual who conducts hearings and makes decisions after initial determinations have been appealed. (Also called hearing officer or referee.)	Se yon moun ki chita tande ka lòt moun ki made pou yo plede ka yo ankò apre yo te fin pran yon desizyon nan ka yo. (Pafwa yo rele moun sa a Ofisye ki koute ka moun oubyen abit)
Adult Basic Education (ABE)	**Edikasyon de baz pou granmoun**	Education for adults whose inability to read, write or speak English or to effectively use mathematics is a barrier to their ability to get or keep employment. ABE is designed to improve their ability to benefit from training and improve their opportunities for employment and to meet adult responsibilities.	Pwogram edikasyon pou granmoun ki gen pwoblèm jwenn travay oubyen kenbe travay yo poutèt yo pa konn ni li, ni ekri, ni pale Angle oubyen ni fè kalkil aritmetik. Pwogram ABE a la pou ba yo plis konesans pou yo ka jwenn plis ranman nan fòmasyon y ap ba yo epi amelyore chans yo
Adult Secondary Education Skills	**Ladrès pou granmoun nan lekòl segondè**	Education for adults consisting of courses in mathematics, reading, history, science, government, language arts, and other courses and classes that lead to a high school diploma or a General Education Development (GED) Certificate.	Nan pwogram edikasyon pou granmoun nan yo ofri kou matematik, kou lekti, kou istwa, kou syans, kou sou afè gouvènman, kou sou jan moun li ak ekri, ak kèk lòt kou. Kou sa yo ka pèmèt granmoun yo vin gen yon diplòm lekòl segondè oubyen yon Sètifika (GED).
America's Job Bank (AJB)	**Lis djòb o Zetazini**	A website where job seekers can post their resumes and search for job openings. Employers can post job listings in the nation's largest online labor exchange, create customized job orders, and search resumes.	Se yon sit wèb kote moun k ap chèche travay kapab afiche kourikoulòmvite yo epi yo ka chèche travay la tou. Patwon k ap chèche moun pou travay ka
Appeal	**Revandikasyon**	A request for a hearing to reconsider a state agency's decision about an individual's unemployment insurance benefits.	Se yon demann pou mande pou yo koute revandikasyon yon anplwaye ap fè apre yon ajans gouvènman fin pran yon desizyon nan asiran pou kesyon chomaj li.
Appeal Decision	**Revandike kont yon desizyon**	The written ruling that is issued to one or more parties as a result of an appeal. If more than one person is involved, only one decision is made which applies to all the claimants involved in the appeal.	Se lèt yo voye bay yon moun pou fè l konnen ki desizyon yo pran sou yon premye desizyon li pa t dakò ak li. Si gen plis pase yon moun ki mele nan ka a, desizyon ki fèt la ap aplike pou yo tout.

Asian	**Azyatik**	A person having origins in any of the original peoples of the Far East, Southeast Asia, or the Indian subcontinent, including, for example, Cambodia, China, India, Japan, Korea, Malaysia, Pakistan, the Philippine Islands, Thailand, and Vietnam.	Se yon moun ki soti nan peyi Azyatik yo oubyen sou kontinan endyen an tankou Kanbodya, Lachin, End, Japon, Kore, Malazi, Pakistan, Il Filipin yo, Taylann, ak vyetnam.
Apprenticeship Training	**Aprantisaj**	A program combining on-the-job training with related instruction that enables workers to master the practical and technical skills required for a skilled occupation.	Se yon pwogram kote yo antrene anplwaye pandan y ap travay epi yo prepare kèk seyans fòmasyon pou yo pou yo ka vin pi maton nan ladrès yo bezwen pou yo fè yon travay teknik.
Backdated Claim	**Fè demann pou yon dat ki pase**	An unemployment insurance claim with an effective date in any week prior to the week in which it was filed.	Se lè yon moun ranpli aplikasyon pou li resevwa kòb asirans li poutèt li pèdi travay li epi aplikasyon an date yon semèn anvan yo ranpli aplikasyon an.
Barriers to Employment	**Baryè pou jwenn travay**	Conditions that may make employment difficult for certain individuals. Individuals with such barriers may include: single parents, displaced homemakers, youth, public assistance recipients, older workers, substance abusers, teenage parents, veterans, ethnic minorities, and those with limited English speaking ability or a criminal record or with a lack of education, work experience, credentials, transportation or child care arrangements.	Sa ki ka rann kondisyon nan yon travay difisil pou nenpòt moun. Pami moun sa yo nou jwenn, paran k ap elve timoun san mari oubyen san madanm, jèn yo, moun ki nan wèlfè, granmoun aje k ap travay, moun ki nan dwòg, timoun ki fè pitit, veteran lame, moun etnisite yo an minorite, ak moun ki poko fin konn pale angle, moun ki gen dosye kriminèl oubyen moun ki rive lwen lekòl, moun ki pa gen anpil esperyans nan afè travay, moun ki pa gen oken diplòm, moun ki pa gen transpò pou y al travay oubyen moun ki pa gen kote pou bay gade pitit yo.
Basic Literacy Skills	**Konesans de baz**	Reading, writing, mathematics, problem solving and interpersonal skills training that enable adults to communicate in English, use math, obtain a high school diploma or GED and become productive, employable citizens.	Se larès yo bay granmoun nan aprann li, aprann ekriti, aprann matematik, ak fason pou yo rezoud pwoblèm ki prezante nan aktivite travay yo epi fòmasyon yo resevwa pou yo boule ak lòt moun pou ede yo kominike ann Angle, pou yo sèvi ak matematik, pran yon diplòm lekòl segondè, epi pou yo devni sitwayen ki prepare pou travay.
Basic Skills Deficiency	**Mank nan matyè de baz**	English reading, writing, or computing skills at or below the 8th grade level on a generally accepted standardized test or a comparable score on a criterion-referenced test.	Se lè nivo lekti, nivo ekriti, nivo matematik yon moun pi ba pase 8èm ane lekòl fondamantal li lè li pran yon egzamen ofisyèl oubyen lè li bay menm rezilta lè li pran lòt egzamen ki mezire sa l konnen.
Base Period (BP)	**Peryòd de baz (BP)**	The time period on which an unemployment insurance claim is based. Earnings during this time period are used to establish the UI claim. It may be the first four of the last five completed calendar quarters or the state may use an alternate period if there are insufficient earnings in the primary period.	Se valè tan yon moun baze sou li pou li mande asirans peye li lè l pèdi travay li. Se sou lajan yon moun fè pandan tan sa yo baze pou detèmine ki valè lajan l ap touche lè li pap travay. Yo kapab sèvi ak premye 4 ka nan dènye 5 ka ki nan moun nan konplete yo oubyen gouvènman an sèvi ak diferan peryòd si moun nan fè ase pa fè ase lajan nan premye peryòd yo.

Base Period Wages	**Salè pou yon peryòd de baz**	Wages earned or paid during the base period of an unemployment insurance claim.	Valè lajan yon moun fè, oubyen valè lajan yo peye yon moun pandan peryòd de baz yon moun te mande pou asirans peye li poutèt li pèdi travay li.
Benefit Rights Interview (BRI)	**Entèvyou pou defann dwa avantaj (BRI)**	Information provided to an unemployment insurance claimant for the purpose of explaining the individual's rights and responsibilities under the applicable state unemployment compensation law or federal law.	Enfòmasyon yo bay moun ki mande pou asirans peye yo poutèt yo pèdi travay yo pou esplike yo dwa yo ak responsablite yo dapre lwa Eta kote yo rete a ak lwa Federal yo.
Benefit Year (BY)	**Ane yo peye yon moun (BY)**	The time period, beginning with the first week of a claim, during which a claimant may draw out unemployment insurance benefits due based on a claim. This may not always be a full calendar year.	Se ane yon moun ki pap travay ki kòmanse touche asirans chomaj yo dapre enfòmasyon yo bay lè yo ranpli aplikasyon an. Ane sa a gen dwa pa yon ane o konplè.
Calendar Quarter	**Yon ka nan ane a**	One fourth of the calendar year. The quarters are: January 1 - March 31, April 1 - June 30, July 1 - September 30, and October 1 - December 31.	Se yon ka nan ane a. Men ki lè chak ka nan ane a kòmanse ak lè yo fini: premye janvye - 31 mas, premye avril - 30 jen, premye jiyè - 30 septanm, ak premye oktòb - 31 desanm.
Calendar Week	**Yon semèn**	Seven consecutive days beginning on Sunday and ending on Saturday, except in at least one state where seven consecutive days beginning Monday and ending Sunday is considered the calendar week.	Yon semèn konplè se 7 jou afilye kòmanse dimanch rive samdi, esepte nan omwen yon sèl Eta kote yon semèn kòmanse Lendi epi li fini dimanch.
Call Center	**Kote ki resevwa tout apèl**	A center of operations unemployment insurance claims are taken over the telephone.	Biwo santral kote yo resevwa tout apèl ki gen rapò ak lajan yon moun mande pou asirans peye li pou yon sitiyasyon.
Case Management	**Moun ki okipe ka yo**	Services provided by employment service case management staff include preparing an Individual Employment Plan, identifying barriers to participation and assisting participants in overcoming them through guidance counseling and access to services. Assist in the enrollment of participants into allowable activities designed to enhance employability (i.e. motivation, assessment, job preparation workshops, educational classes and/or training, and/or employment services), providing job development and placement services, and assisting individuals and families in accessing community services, addressing emergency assistance and crisis intervention and immediate needs (i.e. food, housing, clothing, and transportation).	Se lè moun ki travay nan biwo di travay regle afè anplwaye k ap chèche travay bay anplwaye sa yo sèvis tankou prepare yon plan travay pou yo, chèche konnen ki pwoblèm anplwaye yo genyen ki ka anpeche yo fè yon travay, epi ba yo konsèy pou ede yo rezoud pwoblèm sa yo epi ede yo jwenn sèvis yo bezwen. Ede anplwaye yo anrejistre nan pwogram yo ka anrejistre ladan yo ki la pou ede yo jwenn travay. (paregzanp: motivasyon, evaliyasyon, kolòk sou kesyon chèche travay, kou ak fòmasyon, ak sèvis pou anplwaye), bay yo fason pou ede jwenn travay ak sèvis pou fè yo jwenn travay, ede anplwaye sa yo jwenn resous ki nan kominote yo ansanm ak fanmi yo, ede yo ak sa yo bezwen ki ijan ak sa yo bezwen tousuit (tankou: manje, kay pou yo rete, rad, ak transpò)

Community Based Organization (CBO)	**Òganizasyon ki travay nan kominote a (CBO)**	A non-profit organization that originates and is developed locally to serve the needs of the community in which it is based. Services provided are varied and can include health, education, housing, and employment training.	Se yon òganizasyon benevòl ki fonde nan yon kominote pou ede kominote a ak sa li bezwen. òganizasyon sa yo bay tout yon seri sèvis, tankou sèvis sante, lekòl, kay pou moun rete, ak transpò).
Community Housing Development Organizations (CDHOs)	**Òganizasyon ki okipe afè kay pou moun (CDHOs)**	Organizations certified by the state to provide grants for tenant-based rental assistance, assistance to first time homebuyers, property acquisition, new construction (justification required for neighborhood revitalization and special needs) reconstruction, moderate rehabilitation, substantial rehabilitation, site improvements, demolition, relocation, and other activities with prior approval of Housing and Urban Development.	Se òganizasyon Eta kote ou abite a rekonèt kòm òganizasyon serye pou bay moun èd pou lwe kay, pou ede moun achte premye kay yo, pou ede moun achte pwopriyete, pou ede moun bati yon nouvo kay (fò moun nan bay rezon pou montre travay sa a pral amelyore kominote li ak kèk bezwen espesyal) pou rebati yon kay, pou fè kèk ti amenajman nan yon kay, pou amelyore yon kote, pou demoli yon kote, pou deplase yon kay al mete l yon lòt kote, ak kèk lòt aktivite ki ap mande pou Depatman kay ak Devlopman iben dakò anvan pwojè sa yo kòmanse.
Claimant	**Moun k ap fè demann**	An individual who files a claim for unemployment insurance benefits.	Se yon moun ki ranpli yon aplikasyon pou l jwenn peman asirans chomaj poutèt li pèdi travay li.
Claims Specialist or Claims Taker	**Espesyalis nan afè demann oubyen Moun ki pran demann**	A person who assists in the filing of unemployment insurance claims and offers related assistance to claimants.	Se moun ki ede travayè ranpli aplikasyon pou mande peman asirans chomaj poutèt yo pèdi travay yo epi ki ofri menm moun sa lòt kalite èd parapò a sa ki rive l la.
Combined Wage Claim (CWC)	**Demann ki konbine (CWC)**	An unemployment insurance claim based on wage credits from more than one state.	Se lè yon moun ranpli aplikasyon pou li resevwa peman asirans chomaj poutèt li pèdi travay li epi aplikasyon an baze sou asirans li te genyen nan plis pase yon Eta.
Continued Claim	**Demann ki kontinye**	A claimant's weekly certification of eligibility for unemployment insurance during a claim series.	Se prèv yon chomè bay chak semèn pou montre li kalifye pou li touche asirans chomaj pou anplwaye ki pèdi travay li pandan epòk li kalifye a.
Contributing Employer	**Travay ki peye enpo**	An employer who pays taxes (contributions) to the state unemployment insurance fund.	Se yon patwon ki peye enpo (lajan li bay) nan asirans Eta genyen pou moun ki pèdi travay yo.
Contributions (Taxes)	**Enpo**	Payroll taxes paid by employers that are used to pay unemployment insurance benefits.	Se enpo yon patwon ki abitye peye nan fon asirans pou moun ki pèdi travay yo.
Core Services	**Sèvis prensipal yo**	Services are available to all persons who seek assistance at any One-Stop Center or affiliate employment service provider. This may include: job search and placement assistance, labor market information, training information, information about filing for unemployment, food stamps or public benefits, child care or transportation assistance.	Sèvis sa yo la pou tout moun ki mande pou ede yo nan nenpòt nan Sant ki bay tout sèvis yo nan menm kote a oubyen nan kote ki afilye ak Sant sa yo. Kote sa yo ka bay sèvis sa yo tou: ede moun jwenn travay epi mete yo nan yon travay, bay enfòmasyon sou kote yo ka ale pou ranpli apliksyon lè yo pèdi travay yo pou yo jwenn asirans chomaj yo, koupon pou yo achte manje, ak lòt sèvis leta, kote pou gade piti yo, oubyen transpò.
Core Training	**Pati prensipal fòmasyon an**	Employment-focused interventions which address basic vocational skills deficiencies that prevent the participant from accessing appropriate jobs and/or occupations.	Se sèvis yo gen pou travayè pou ede yo ak ladrès de baz yo manke pou yo jwenn travay oubyen fè yon metye.

Counseling	**Konsèy**	Guidance or assistance to develop a participant's vocational or employment goals and the means to achieve those goals, or to assist the person with the solution to individual problems that may prevent him/her from accomplishing those goals, including, substance abuse counseling, job counseling, child care arrangements, or any other barrier that prevents their success in becoming self-supporting.	Se èd yo bay yon travayè ou ede l fè sa li gen pou l fè pou l ka aprann yon metye oubyen jwenn travay, epi ba l sa li bezwen pou ede l rezoud pwoblèm li genyen ki anpeche reyalize sa li vle fè, sa ka vle di: ede li ak pwoblèm dwòg, ede li chèche travay, ede l jwenn gadri, epi ede l ak nepòt lòt bagay ki ta ka anpeche l chèche travay pou l ka okipe tèt li.
Covered Employer	**Biznis ki gen asirans chomaj**	An agency, business, organization or other employing unit that is subject to the unemployment insurance law of any state.	Se yon ajans oubyen yon biznis oubyen yon òganizasyon oubyen yon nenpòt lòt kote ki anplwaye moun ki dwe suiv lwa sou asirans pou moun ki pap travay nan nenpòt Eta.
Covered Employment	**Travay ki gen asirans chomaj**	Services for an employer that are covered by the unemployment insurance law.	Se sèvis yon patwon ka jwenn dapre lwa sou asirans moun ki pèdi travay yo.
Customer	**Kliyan**	Under WIA (Workforce Investment Act) definitions, a Customer is any person seeking assistance to find employment or training, whether employed or unemployed, and employers who need qualified workers for their company or training for the workers who are already employed with them.	Dapre definisyon Ak sou envestisman nan anplwaye a (Workforce Investment Act), yon kliyan se yon moun k ap chèche èd pou l ka jwenn travay oubyen pou l jwenn antrennman kit li nan travay, kit li pa nan travay, ak patwon ki bezwen moun ki kalifye pou travay oubyen fòmasyon pou anplwaye ki deja ap travay.
Customized Training	**Fòmasyon espesyal**	A training program designed to meet the special requirements of an employer who has entered into an agreement with a Service Delivery Area to hire individuals who are trained to the employer's specifications. The training may occur at the employer's site or may be provided by a training vendor able to meet the employer's requirements. Such training usually requires a commitment from the employer to hire a specified number of trainees who satisfactorily complete the training.	Se yon pwogram fòmasyon Biwo ki la pou bay sèvi sa a prepare espesyalman pou yon patwon ki dakò pou bay moun ki jwenn fòmasyon jan patwon an mande a, pou l bay moun sa yo travay. Yo kapab prepare aktivite fòmasyon sa yo nan lokal parwon an oubyen se kapab yon konpayi ki ka montre anplwaye yon jan pou yo fè travay la dapre sa patwon an mande yo pou yo fè. Dabitid sa mande pou yon patwon dakò pou l anplwaye yon valè moun pami moun ki konplete fònasyon an.
Disabled Veteran	**Veteran ki andikape**	A veteran who is entitled to compensation under laws administered by the Veterans Administration, or an individual who was discharged or released from active duty because of service-connected disability.	Yon veteran ki gen dwa pou li jwenn èd dapre lalwa Biwo administrasyon Veteran yo oubyen yon moun ki te nan lame yo te fè l sispann travay poutèt frakti li te genyen pandan li t ap fè travay li.
Disadvantaged Adults	**Granmoun ki pa rive lwen lekòl**	Educationally or skills disadvantaged adults are those persons who score below 8th grade level on standardized tests. They require educational assistance to bring their basic skills to a level that would make them eligible for secondary (high school) education or to hold a job with basic English and math skills.	Granmoun ki pa rive lwen lekòl oubyen ki manke ladrès se granmoun ki bay rezilta yon elèv ki nan 8èm ane lekòl ta bay lè yo pran yon egzamen ofisyèl. Granmoun sa yo bezwen èd pou yo monte nivo konesans yo nan nivo klas segondè oubyen pou yo ka fè travay ki mande pou yon gen konesans debaz ann Angle ak Matematik.

Dislocated worker	**Anyplwaye ki pèdi travay li**	A person who-- (A) (i) has been terminated or laid off from their job, or who has received a notice of termination or layoff, from their employer; (ii) (I) is eligible for or has used up their unemployment payments; or (II) has been employed for long enough to show, to a program at a one-stop center referred to in section 134(c), attachment to the workforce act, but who can not get unemployment payments because of low earnings or having done work for an employer that is not covered under a State unemployment compensation law; and (iii) is not likely to return to the same type of work; (B) (i) has lost his or her job, or has received a notice of termination or layoff, from their job because of a permanent closure of, or a big layoff at a plant, facility, or company; (ii) is working at a facility where the employer has announced that it will close within 180 days; or (iii) in order to receive services besides the training services described in section 134(d)(4), intensive services described in section 134(d)(3), or supportive services, is employed at a place where the employer has made an announcement that the facility will close; (C) was self-employed (including employment as a farmer, a rancher, or a fisherman) but is unemployed because of the local economy where the individual lives or because of natural disasters; or (D) is a displaced homemaker.	A (I) se yon anplwaye yo anile oubyen yo revoke nan travay li, oubyen yon anplwaye yo bay lèt pou fè l konnen yo pral revoke li, nan men patwon li, (ii) (I) se yon anplwaye ki kalifye pou l jwenn lajan asirans chomaj oubyen se yon anplwaye ki deja sèvi ak lajan li te dwe resevwa a pandan li nan chomaj; oubyen (II) se yon travayè ki travay ase pou l pwove moun nan pwogram "One-stop Center" ki mansyone nan seksyon 134 (c) a, se pati yo adisyone nan Ak sou moun k ap travay la, men yo pa ka bay travayè sa a lajan asiran chomaj poutèt li pat fè ase lajan pan li tap travay oubyen li tap travay pou yon patwon ki pa gen pou suiv lwa sou lajan asirans chomaj nan Eta a, epi (iii) se yon anplwaye ki pap tounen al fè menm kalite travay li te konn fè a, (B) (i) se yon anplwaye ki pèdi travay li oubyen ki resevwa yon lèt ki fè l konnen li pral pèdi travay li poutèt konpayi a ap fèmen, oubyen poutèt izin nan oubyen konpayi a ap revoke yon pakèt moun; (ii) se yon anplwaye k ap travay yon kote epi patwon an anonse yo pral fèmen travay la nan 180 jou; oubyen (iii) pou anplwaye a ka benefisye lòt avantaj anwetan fòmasyon li suiv yo mansyone nan seksyon 134(d)(4) a, sèvis entansif yo esplike nan seksyon 134(d)(3) a, oubyen sèvis sipò, se pou anplwaye a ta gen yon djòb kote patwon an anonse konpayi pral fèmen nèt; (C) travayè a tap travay pou tèt li (moun ki te travay tè, moun ki gade cheval, moun ki fè lapèch, ladan tou) men yo pèdi travay yo poutèt jan ekonomi zòn nan bese oubyen akoz dezas ki pase nan zòn nan; oubyen (D) se yon moun ki tap okipe kay li men ki pa lakay li ankò.
DOL, USDOL	**DOL, USDOL**	United States Department of Labor, the federal department which regulates and funds state workforce activities.	Depatman Travay nan Etazini, se biwo federal ki reglemante epi ki bay lajan pou pwogram ki prepare travayè nan Eta yo.

Displaced homemaker	**Yon moun pèdi responsablite kay li**	A person who has been doing unpaid work for family members in the home and who-- (A) has been dependent on the income of another family member but is no longer supported by that income; and (B) is unemployed or underemployed and is having difficulty in finding a job or getting a better job.	Se yon moun ki tap travay san peye nan yon kay pou fanmi li kote -- (A) se yon lòt moun nan fanmi an ki te responsab fè depans pou moun sa a epi kounye a li pa ka konte sou lajan moun sa a ankò; epi (B) moun sa a vin pa gen travay oubyen li pap fè ase lajan nan travay li epi li gen difikilte jwenn travay oubyen pou l jwenn yon pi bon travay.
Economically Disadvantaged	**Moun ki pap fè anpil lajan**	An individual who is either a member of a family whose income is below the poverty level, or who is receiving cash benefits from a federal, state or local welfare program, or is receiving food stamps, or who is a homeless person, or who is a foster child, or is a disabled person.	Se yon moun ki abite ak fanmi li kote fanmi an pap fè ase lajan pou yo viv, oubyen ki jwenn lajan kach nan pwogram wèlfè Eta kote li abite a oubyen nan pwogram wèlfè nan zòn kote li abite a, oubyen yo ba li koupon pou l achte manje 'foudstenp', oubyen ki pa gen kay pou l abite, oubyen se yon timoun leta te pran, oubyen yon moun ki andikape.
Educationally Disadvantaged Adult	**Granmoun ki pa fè gwo klas**	see Disadvantaged Adults.	Ale nan seksyon ki make "Granmoun ki pòv" la.
Eligibility Review Program (ERP)	**Pwogram pou evalye patisipan yo (ERP)**	A program under which claimants are periodically contacted to review their eligibility for benefits, work search activities, and reemployment needs.	Se yon pwogram kote yo toujou ak kontakte moun ki ladan pou yo wè si yo kalifye pou resevwa èd y ap ba yo a, efò yo fè pou yo jwenn travay, ak sa yo bezwen pou yo ka jwenn travay ankò.
Eligible Training Provider List	**Lis kote ki kalifye pou fè fòmasyon**	A statewide collection of providers that are approved to give services through the One-Stop system. These lists contain consumer information, including cost and performance information for each of the providers, so that participants can make informed choices on where to use their Individual Training Accounts.	Se seri kote ki kalifye nan tout Eta pou bay moun sèvis nan sistèm Biwo santral la (One-Stop System). Lis sa yo gen enfòmasyon pou moun ki resevwa sèvis yo, lis sa a gen enfòmasyon tou sou valè lajan kote ki kalifye yo depanse pou yo bay sèvis yo bay la, kon sa moun ki pral pran sèvis yo a konnen ki kote ki pi bon pou yo pou yo al pran fòmasyon ak mwayen yo chak genyen yo.
Eligible Training Provider (ETP)	**Kote ki kalifye pou fè fòmasyon (ETP)**	An organization, such as a public or private college and university, or community-based organization whose application has been approved by the local workforce board and approved for the state list of training services through the use of an Individual Training Account.	Se seri kote ki kalifye nan tout Eta pou bay moun sèvis nan sistèm Biwo santral la (One-Stop System). Lis sa yo gen enfòmasyon pou moun ki resevwa sèvis yo, lis sa a gen enfòmasyon tou sou valè lajan kote ki kalifye yo depanse pou yo bay sèvis yo bay la, kon sa moun ki pral pran sèvis yo a konnen ki kote ki pi bon pou yo pou yo al pran fòmasyon ak mwayen yo chak genyen yo. .
Employment Service	**Sèvis pou ede moun chèche travay**	The state level organization or public labor exchange system connected with DOL's United States Employment Service.	Se yon òganizasyon k ap travay nan Eta a oubyen yon sistèm echanj travayè leta genyen ki konekte ak Sèvis pou afè travay nan Depatman travay o Zetazini.

English as a Second Language (ESL)	**Agle kòm dezyèm lang (ESL)**	English language education for adults whose inability to understand, speak, read, or write the English language is a barrier to their ability to get or keep employment. This also has effects on their real ability to function in society or successfully complete the citizenship application process.	Kou angle pou granmoun ki gen pwoblèm konprann, pale, li oubyen ekri Angle anpeche yo jwenn travay oubyen pou yo kenbe travay yo genyen. Sa gen efè tou sou jan yo fonksyone nan sosyete a oubyen pou yo ranpli papye sitizenn yo.
Entered Employment Rate	**To moun ki jwenn travay**	Method used to determine the percentage of participants who become employed. The percentage is calculated by dividing the number of total participants who were enrolled in the program by the number of participants who were placed or entered employment through the program.	Se metòd yo sèvi pou detèmine ki pousantaj moun ki patisipe nan pwogram nan k ap jwenn travay. Yo divize valè moun ki enskri nan pwogram nan pa valè moun yo mete nan yon kote yo ka travay oubyen pa valè moun ki jwenn travay gras a pwogram nan.
ETA, DOL	**ETA, DOL**	Employment and Training Administration, the part of DOL with direct responsibility for WIA programs.	Administrasyon Pwogram travay ak fòmasyon, se seksyon nan Depatman Travay (DOL) ki responsab Pwogram WIA a.
Faith Based Organization (FBO)	**Òganizasyon ki gen relasyon relijye (FBO)**	Organization whose founding, governance, or membership is derived from a religious institution or religiously-affiliated entity.	Se òganizasyon legliz oubyen yon ekip moun ki afilye ak yon gwoup relijye, fòme, yo dirije oubyen manm yo soti nan legliz oubyen nan gwoup ki afilye ak legliz la.
Family Literacy Services (FLS)	**Sèvis pou bay paran ladrès**	Services that are sufficient to make lasting changes in a family, and that integrate all of the following activities: (1) literacy activities between parents and their children; (2) training for parents regarding how to be the primary teacher for their children and full partners in the education of their children; (3) parent literacy training that leads to economic self-sufficiency; and (4) an age-appropriate education to prepare children for success in school and life experiences.	Se sèvis ki kab ede fè kèk chanjman pèmanan nan yon fanmi, epi ki sèvi ak tout kalite aktivite sa yo: (1) aktivite aprann li ak ekri ant paran ak pitit yo; (2) fòmasyon pou paran pou montre yo kouman pou yo vin premye pwofesè pitit yo ak kouman pou yo travay ansanm ak pitit yo pou ede yo aprann; (3) aktivite pou paran yo ki ka ede yo fè ase kòb pou yo okipe tèt yo, epi (4) bay paran yo ase konesans pou yo ka ede prepare pitit yo pou yo travay byen lekòl.
Follow-up	**Suivi**	The tracking of what happens to participants when they leave the WIA program for a period of 180 days after first job placement. The reporting requirements include the following information: employment status (number of Entered Employments/Placements at 180 days after program has ended), average hourly wage (earnings change at 180 days after program has ended), and job retention (of those enrolled in training, provide number of those still employed in trained occupation at 180 days after program has ended.	Se fason yo suiv pou wè sa moun ki te patisipe nan pwogram nan devini apre yo kite Pwogram WIA a pandan yon peryòd 180 jou apre pwogram nan fini.
GED	**Ekivalan diplòm lekòl segondè (GED)**	General Equivalency Diploma. A high school equivalency diploma, which is obtained by passing the General Educational Diploma Equivalency Test that, measures skills and knowledge generally associated with four years of traditional high school instruction.	Diplòm Ekivalan Jeneral. Se yon diplòm ki ekivalan ak yon diplòm lekòl segondè yon moun resevwa lè li pase yon Egzamen Jeneral ki Ekivalan ak Yon egzamen pou Diplòm segondè, ki mezire ladrès yon moun ak konesans li pou pwogram ki kouvri tout sijè yon pwogram lekòl segondè 4 an kouvri.

Hearing	**Yon koze nan tribinal**	The opportunity for parties to appeal an initial determination to be heard by an administrative law judge, hearing officer, or referee.	Se opòtinite yon moun genyen pou mande pou yon Jij Administratè, yon ofisye nan tribinal, oubyen yon abit nan yon tribinal, pou koute kòz li ankò paske moun nan pa dakò ak premye desizyon ki te fèt la.
Hearing Officer	**Ofisye ki la pou koute ka a**	See Administrative Law Judge.	Ale nan seksyon ki make "Jij Administratè" a.
Hispanic or Latino/a	**Panyòl**	A person of Mexican, Puerto Rican, Cuban, Central or South American, or other Spanish culture or origin, regardless of race.	Se yon moun ki soti nan peyi Meksik, Pòtoriko, Kiba, Amerik santral oubyen Amerik di sid, oubyen nan kèk lòt peyi panyòl, kèlkeswa ras li.
Individual Employment Plan (IEP)	**Plan travay endividyèl (IEP)**	A plan developed by the participant and the case manager to identify the participant's employment goals, the appropriate achievement objectives, and the appropriate combination of services for the participant to achieve the employment goals.	Se yon plan moun k ap patisipe nan pwogram nan devlope ansanm ak moun k ap okipe ka li a pou yo wè ki objektif anplwaye a genyen nan afè chèche travay, sa anplwaye a vle fè ki bon pou li, ak sèvis anplwaye a dwe eseye jwenn pou l ka wè si la rive jwenn travay li vle a.
Individual of Limited English Proficiency (LEP)	**Moun ki pa fin maton nan angle (LEP)**	An adult or out-of-school youth who has limited ability in speaking, reading, writing or understanding the English language, and (a) whose native language is a language other than English; or (b) who lives in a family or community environment where a language other than English is the dominant language.	Se yon granmoun oubyen yon jèn ki kite lekòl ki gen difikilte pou l pale Angle, pou l li Angle, pou l ekri Angle oubyen pou konprann Angle, epi (a) lang natif natal li se pa Angle; oubyen (b) ki abite nan yon fanmi oubyen nan yon kominote kote se pa angle yo pale tout jounen.
Individual Service Strategy (ISS)	**Estrateji pou sèvis endividyèl (ISS)**	An agreement of skills and goals decided between a WIA Youth participant and WIA Youth staff counselor (usually a case manager), that sets out a plan for the participant to make progress towards his/her educational and employment goals.	Se yon antan sou ladrès ak objektif jèn k ap patisipe nan Pwogram WIA ak Konseye nan Pwogram WIA (dabitid se moun k ap jere ka a), dakò pou yo travay sou yo, sa prepare yon plan pou moun k ap patisipe a travay sou li pou l ka fe pwogrè sou pwen sa yo.
Individual Training Account (ITA)	**Kont pou moun ki nan fòmasyon (ITA)**	An expenditure account established on behalf of a participant that provides for vocational training.	Se yon kont ki ouvè nan non moun k ap patisipe a ki pèmèt li resevwa fòmasyon li bezwen nan metye li vle aprann nan.
Individual with a Disability	**Moun ki andikape**	An individual with any disability as defined in section 3 of the Americans with Disabilities Act of 1990 (42 U.S.C. 12102).	Se yon moun ki andikape dapre jan yo dekri sa nan Ak sou moun ki andikape a (Individual with Disabilities Act) 1990 (42 U.S.C. 12102).
Initial Claim (IC)	**Premye demann (IC)**	An application for a determination of entitlement to unemployment insurance benefits. There are four types of Initial Claims: New Claims; Reopened Claims; Additional Claims; and Transitional Claims.	Se yon aplikasyon yon moun ranpli pou wè si li kalifye pou li resevwa avantaj kòm moun ki nan chomaj. Gen 4 diferan ka; nouvo demann; demann yo rekòmanse travay sou li; demann adisyonèl; ak demann an tranzisyon.
Intake	**Ranmase enfòmasyon**	A process for screening individual applicants for eligibility for services; making a determination whether the program can benefit the applicants; providing information about the program, its services and the availability of those services; and selecting individual applicants for participation in the program.	Se yon fason yo analize ka yon moun ki aplike pou wè si l ka jwenn sèvis; ki detèmine si pwogram nan ap nan avantaj moun k ap aplike a; ki bay enfòmasyon sou pwogram nan, sou sèvis li bay epi si sèvis yo disponib; epi ki chwazi pami moun ki aplike yo kilès ladan yo ki pral patisipe nan pwogram nan.

Intensive services	**Sèvis entansif**	Services available to adults and dislocated workers who have completed one or more Core Services and are still unable to gain employment OR who are employed and have been determined in need of services to get a better job in order to gain self-sufficiency. Intensive Services include individual career planning, resume preparation, job clubs, career counseling, internships, and comprehensive assessments. Basic education, ESL, and basic computer literacy are also sometimes considered Intensive Services.	Sèvis sa yo la pou granmoun ak travayè ki pa abite nan menm kote a ki te deja konplete youn oubyen plis pase youn nan Sèvis Prensipal yo epi yo pa ka jwenn travay toujou oubyen ki deja jwenn travay men yo detèmine moun sa yo bezwen plis sèvis pou yo ka jwenn yon pi bon travay pou yo ka rive nan yon pozisyon pou yo ka okipe tèt yo poukont yo. Sèvis entansif la gen planifikasyon pou chak moun fè plan pou karyè yo, preparasyon kourikoulòmvite, patisipasyon nan ekip travay, konsèy sou kesyon karyè, aprantisaj, epi yon fason pou evalye patisipasyon moun ki nan pwogram nan. Edikasyon de baz, kou angle (ESL) ak kou konpitè pou moun ki fèk ap aprann, tou sa nan pwogram entansif la tou.
Issue	**Pwoblèm**	An act, circumstance or condition potentially disqualifying a claimant from receipt of unemployment insurance benefits under state/federal law.	Se yon zak yon moun fè, oubyen yon sikonstans oubyen yon kondisyon ki fè moun nan vin pa kalifye pou li benefisye a
Job Club Activities	**Ekip k ap chèche travay ansanm**	A form of job search assistance provided in a group setting. Usually job clubs provide instruction and assistance in completing job applications and developing resumes and focus on maximizing employment opportunities in the labor market and developing job leads. Many job clubs use telephone banks and provide group support to participants before and after they interview for openings.	Se yon fason yo ofri pou chèche travay an gwoup. Ekip pou chèche travay sa yo dabitid yo ede patisipan yo ranpli aplikasyon pou yon travay y ap chèche, prepare yon kourikoulòmvite, epi konsantre sou anons kote yo gen plis chans jwenn yon travay epi devlope fason pou yo fè konnen y ap chèche travay. Anpli nan ekip pou chèche travay sa yo gen gwoup moun ki la pou ede patisipan yo pa telefòn yo bay moun ki nan ekip yo sipò anvan yo ale nan yon entèvyou pou yon travay ak apre yo soti nan entèvyou a.
Job Development	**Kreye travay**	The process of marketing a program participant to employers, including informing employers about what the participant can do and asking for a job interview for that individual with the employer.	Se fason yo fè reklam bay patwon yo pou yon anplwaye ki nan pwogram nan, yo bay patwon yo enfòmasyon sou sa anplwaye a ka fè epi yo mande patwon an yon randevou pou fè anplwaye a vin fè yon entèvyou.
Job Placement Services	**Bay travay**	Services that specifically assist participants find jobs that may involve activities such as job search assistance, training, or job development.	Se sèvis ki ede patisipan yo jwenn travay ki ofri patisipan yo sèvis tankou, ede yo chèche travay, fòmasyon, oubyen preparasyon pou travay.
Job Retention	**Kenbe yon travay**	The ability to keep a job for a certain period of time, usually 90 or 180 days or more, which shows that a worker has the skills to fit into the workplace and succeed in a job.	Se kapasite yon moun pou l kenbe yon travay pou yon sèten tan, dabitid ant 90 a 180 jou oubyen plis pase sa, sa montre anplwaye a gen ladrès ki montre li ka travay yon kote a epi li ka fè travay li byen.

Labor Exchange	**Enfòmasyon sou travay**	Services provided to job seekers and employers by the State Employment Service Agencies. Services to job seekers may include assessment, testing, counseling, provision of labor market information and referral to prospective employers. Employer service may include accepting job orders, screening applicants, referring qualified applicants and providing follow-up.	Se sèvis Ajans pou afè travay nan Eta a bay moun k ap chèche travay ak anplwaye yo. Yo ka bay moun k ap chèche travay yo sèvis tankou: evaliyasyon ladrès yo, tès, konsèy, enfòmasyon sou sa konpayi k ap chèche anplwaye yo bezwen ak referans bay konpayi k ap chèche anplwaye. Yo ka bay konpayi yo sèvis sa yo, yo pran kòmann anplwaye y ap chèche nan men yo, yo tcheke anplwaye yo pou konpayi yo anvan yo voye yo al travay, yo refere moun ki kalifye bay konpayi yo epi yo tcheke tanzantan pou wè kouman moun yo a boule.
Labor Force	**Moun ki nan travay**	The total of all civilians classified as employed and unemployed and members of the Armed Forces stationed in the United States. (Bureau of Labor Statistics Bulletin 2175).	Se valè sivilyen ki klase pami moun gen djòb ak pami sa ki pap travay ak moun ki nan lame o Zetazini. (Bilten ki soti nan biwo ki bay estatistik - Nimewo 2175).
Labor Market Area (LMA)	**Kote yon moun ka jwenn travay (LMA)**	An area within which individuals can live and find employment within a reasonable distance or can easily change jobs without changing their place of residence.	Se yon zòn kote moun ka abite epi yo ka jwenn travay ki pa lwen kote ye rete a epi yo ka chanje travay san pwoblèm san yo pa oblije chanje kay.
Labor Market Information (LMI)	**Enfòmasyon sou mache travay la (LMI)**	Labor Market Information, labor related information about unemployment, industries, occupations, etc	Se enfòmasyon sou afè travay, enfòmasyon sou jan y ap anplwaye moun, sou tout izin yo, sou kalite travay y ap chèche moun pou yo, eksetera.
Life Skills	**Sa yon moun dwe konnen ki kab ede li nan lavi li**	Those skills which are included in adult literacy dealing with such topics as consumer economics, government and law, occupational knowledge, community resources, and health that are included into an educational agency's basic literacy skills course of study.	Se ladrès ki nan pwogram pou montre granmoun li ak ekri, tankou fason kliyan achte, gouvènman ak lwa li yo, konesans sou travay la, resous ki nan kominote a ak pwogram swen sante se tout bagay sa yo ki nan kou de bas pou bay granmoun konesans la.
Limited English Proficiency (LEP)	**Moun ki pa maton nan angle (LEP)**	An individual with LEP is one who has limited ability in speaking, reading, writing or understanding the English language and (a) whose native language is a language other than English or (b) who lives in a family or community environment where a language other than English is the dominant language	Se yon moun ki pa fin maton nan pale angle, li angle, ekri angle oubyen konprann angle epi (a) lang natif natal li se pa Angle; oubyen (b) ki abite nan yon fanmi oubyen nan yon kominote kote se pa angle yo pale tout jounen.
Literacy	**Li ak ekri**	An individual's ability to (1) read, write, and speak in English, and (2) compute and solve problems, at levels of proficiency necessary to function on the job, in the family, and in society.	Se kapasite yon moun genyen (1) pou l li, pou l ekri, epi pou l pale Angle, epi (2) pou li fè kalkil ak rezoud kèk pwoblèm, nan yon nivo ki bon ase pou l ka fè travay li san pwoblèm, pou l ka okipe fanmi li, epi pou l ka fonksyone nan sosyete a.

Literacy	**Li ak ekri**	An individual's ability to (1) read, write, and speak in English, and (2) compute and solve problems, at levels of proficiency necessary to function on the job, in the family, and in society.	Se kapasite yon moun genyen (1) pou l li, pou l ekri, epi pou l pale Angle, epi (2) pou li fè kalkil ak rezoud kèk pwoblèm, nan yon nivo ki bon ase pou l ka fè travay li san pwoblèm, pou l ka okipe fanmi li, epi pou l ka fonksyone nan sosyete a.
Low-income individual	**Moun ki touche yon ti kras kòb**	The term ``low-income individual'' means a person who-- (A) receives, or is a member of a family that receives, cash payments under a Federal, State, or local income-based public assistance program; (B) received an income, or is a member of a family that received a total family income, for the 6-month period before application for the program involved (besides unemployment compensation, child support payments, payments described in subparagraph (A), and old-age and survivors insurance benefits received under section 202 of the Social Security Act (42 U.S.C. 402) that, for their family size, is not more than the higher of— (i) the poverty line, for an equivalent period; or (ii) 70 percent of the lower living standard income level, for an similar period; (C) belongs to a household that receives (or has been decided within the 6-month period before application for the program to be eligible to receive) food stamps according to the Food Stamp Act of 1977 (7 U.S.C. 2011 et seq.); (D) is a homeless person, as defined in subsections (a) and (c) of section 103 of the Stewart B. McKinney Homeless Assistance Act (42 U.S.C. 11302); (E) is a foster child for whom State or local government payments are made; or (F) in cases permitted by rules decided by the Secretary of Labor, is a person with a disability whose own income meets the requirements of a program described in subparagraph (A) or of subparagraph (B), but who is a member of a family whose income does not meet such requirements.	Tèm "moun ki pa fè ase lajan" ``low-income individual'' sa vle di -- (A) yon moun ki touche oubyen ki nan yon fanmi ki touche, yon valè lajan ki pi ba pase minimòm Gouvènman Federal la Eta yo ak lokalite yo bay moun k ap resevwa èd sosyal; (B) yon moun ki gen yon salè, oubyen yon moun ki nan yon fanmi ki resevwa tout sa yo dwe bay fanmi li, pandan 6 mwa anvan aplikasyon an (apa chomaj peye a, sipò pou timoun yo, peman yo dekri nan paragraf (A), ak lajan asiran pou moun ki aje ak asirans pou moun ki pedi mari yo yo dekri nan seksyon 202 ki nan Ak Sekirite Sosyal la (42 U.S.C. 402) kote, pou gwose fanmi an, pa plis pase san ki piwo -- (i) pase limit moun ki pòv, pandan yon peryòd menm valè tan; oubyen the poverty line, for an equivalent period; or (ii) pase 70 pou san nan estanda ki pi ba nivo sa yon moun dwe touche, pandan menm valè tan; (C) pase sa tout moun ki abite nan yon kay touche (oubyen sa yo te deside ba yo pandan 6 mwa anvan yo aplike pou pwogram nan pou yo ka kalifye pou yo resevwa) kopon pou achte manje dapre Ak sou afè koupon pou achte manje 1977 la (7 U.S.C. 2011 et seq.); (D) se yon moun ki pa gen kay, jan yo defini sa nan seksyon (a) ak (c) seksyon 103 Ak Stewart B. McKinney pou ede moun ki pa gen kay la (42 U.S.C. 11302); (E) se yon timoun ki sou responsablite leta kote se Eta a ak gouvènman lokal la ki peye pou li; oubyen (F) nan ka kote règleman Sekretè Biwo Trravya la deside sou yo, se yon moun ki andikape ki gen yon salè ki ranpli kondisyon ki nan seksyon (A) oubyen nan paragraf (B), men ki nan yon fanmi ki gen yon salè ki pa ranpli kondisyon sa yo.

Maximum Benefit Amount (MBA)	**Maksimòm yon moun ap touche**	The total amount of unemployment insurance benefits payable to a claimant in a benefit year.	Se kapasite yon moun genyen (1) pou l li, pou l ekri, epi pou l pale Angle, epi (2) pou li fè kalkil ak rezoud kèk pwoblèm, nan yon nivo ki bon ase pou l ka fè travay li san pwoblèm, pou l ka okipe fanmi li, epi pou l ka fonksyone nan sosyete a.
Medicaid	**Mediked**	A program of medical aid for people that cannot afford regular medical service that is paid for by the state and federal governments	Se kapasite yon moun genyen (1) pou l li, pou l ekri, epi pou l pale Angle, epi (2) pou li fè kalkil ak rezoud kèk pwoblèm, nan yon nivo ki bon ase pou l ka fè travay li san pwoblèm, pou l ka okipe fanmi li, epi pou l ka fonksyone nan sosyete a.
Mental health services	**Sèvis sante mantal**	Psychological and psychiatric treatment and counseling services, for individuals with a diagnosed mental illness, conducted in a group or individual setting, and provided by a mental health professional licensed or authorized within the State to render such services. This typically includes psychiatrists, psychologists, and licensed clinical social workers.	Tretman sikoljik ak treman sikyatrik ak konsèy pou moun ki gen maladi mantal, yo fè tretman sa yo an gwoup oubyen pou chak moun apa epi se yon pwofesyonèl ki gen lisans oubyen ki gen otorizasyon Eta a pou fè travay sa a. Pami pwofesyonèl sa yo gen sikyat, gen sikològ, ak travayè sosyal ki lisansye.
Migrant or Seasonal Farm Worker (MSFW)	**Travayè an sezon (MSFW)**	A migrant farm worker, a migrant processing worker, or a seasonal worker.	Se yon kilitivatè ki al travay tout kote, yon moun ki travay ak kiltivatè ki al travay tout kote, oubyen yon moun ki travay an sezon.
Monetary Determination	**Detèmine ki valè lajan**	A written notice issued to inform an individual of whether or not he/she meets the employment and wage requirements needed to establish entitlement to unemployment insurance, and, if entitled, the weekly and maximum benefit amounts that he/she may receive.	Se yon avi yo bay yon moun alekri pou fè l konnen si li gen dwa resevwa dedomajamn pandan li nan chomaj epi si li te peye pou sa pandan li tap travay epi si li kalifye pou yo fè l konnen maksimòm lajan li ka resevwa pandan li pap travay la.
Monetary Redetermination	**Nouvo kalkil**	A new determination made after reconsideration and/or re-computation of an unemployment insurance claimant's monetary entitlement based on the receipt of new employment and wage information.	Se lè yo vin pran yon nouvo desizyon apre yo fin refè kalkil lajan yon moun ki mande pou yo peye l chomaj li te peye pandan li tap travay dapre nouvo enfòmasyon biwo a resevwa sou nouvo travay moun nan te genyen ak valè lajan li tap fè.
Native Hawaiian or Other Pacific Islander	**Abitan natif natal Awayi ak Il Pasifik yo**	A person having origins in any of the original peoples of Hawaii, Guam, Samoa, or other Pacific Island.	Se yon moun ki gen rasin li nan ansyen abitan ki abite nan il sa yo Hawaii, Guam, Samoa, oubyen nan IL Pacific.
New Claim	**Nouvo demann**	(See Initial Claim)	(Al tcheke demann orijinal la)
Nonmonetary Determination	**Detèmine ki valè**	A written notice issued to inform an unemployment insurance claimant and/or employer about the determination of eligibility arising from issues of separations from work or other eligibility requirements.	Se yon lèt yo voye bay yon anplwaye ki mande pou yo peye li pou chomaj oubyen yon lèt yo voye bay patwon an pou chèche konnen si anplwye a kalifye pou li resevwa lajan dapre jan anplwaye a kite travay li oubyen dapre lòt règleman ki gen rapò ak kalifikasyon anplwaye a.
Nontraditional employment	**Djòb ki pa tradisyonèl**	Jobs or types of work for which persons from one gender make up less than 25 percent of the people employed in each job or field of work.	Se travay oubyen kalite travay kote gen mwens pase 25% fi oubyen mwens pase 25% gason ki fè travay sa yo oubyen ki travay nan kote sa yo.

North American Free Trade Agreement (NAFTA)	**Akò Amerikdinò pou mache ouvè (NAFTA)**	Establishes Transitional Adjustment Assistance (TAA) for workers in companies affected by imports from Mexico or Canada or by shifts of U.S. production to those countries.	Se yon antant ki tabli mwayen pou ede anplwaye ki pèdi travay yo nan konpayi ki pote travay yo ale o Meksik oubyen o Kanada ak sa ki pèdi travay yo poutèt pwodui yo enpòte nan peyi sa yo ki fè travay yo oblije fèmen.
Occupational Skills Training	**Fòmasyon pou aprann metye**	Includes both (1) vocational education which is designed to provide individuals with the technical skills and information required to perform a specific job or group of jobs, and (2) on-the-job training.	Tou de ladan (1) aprantisaj pou travay pou bay travayè ladrès teknik ak enfòmasyon yo bezwen pou yo fè yon travay oubyen yon seri travay, ak (2) aprantisaj sou chantye a.
Offender	**Moun ki fè yon zak**	Any adult or youth who has been involved in the criminal justice process for whom services under this Act may be helpful or who needs assistance in overcoming artificial barriers to employment resulting from a record of arrest or conviction.	Nenpòt gramoun oubyen jèn moun ki te ann afè ak lajistis ki ka benefisye de sèvis ki make nan Ak sa a oubyen ki bezwen èd poutèt baryè yo ba yo lè y al chèche travay paske yo te arete yo oubyen paske yo te pran prizon.
One-Stop Career Center	**Sant Satral pou prepare moun pou travay**	Under the Workforce Investment Act, every local System must have at least one One-Stop Career Center. A One-Stop Center is a facility that makes a wide range of the system's services available at a single site, through self-service or with staff help. The number of centers, the services offered and the manner in which they are given will vary from one area to another, according to local needs and resources.	Dapre Ak sou envestisman nan Travayè a, chak sistèm lokal dwe gen omwen yon sant pou ede prepare moun k ap chèche travay (One-Stop Career Center). Sant sa se yon kote ki mete tout yon seri sèvis aladispozisyon kliyan yo yon sèl kote. Travayè yo gen dwa aplike pou sèvis sa yo poukont yo oubyen mande èd youn nan anplwaye yo. Valè Sant sa yo nan yon zòn, sèvis yo bay, ak fason yo bay sèvis yo varye de zòn an zòn, dapre valè moun ki gen nesesite pou sèvis sa yo ak resous ki gen nan zòn nan.
One-Stop System	**Sistèm Sant Santral la**	The network of workforce products and services that meets business and jobseeker needs in whatever manner and location is most effective and convenient for the customer. Customers can choose to use the system's products and services in different ways. They may call a toll-free number or connect through a personal computer at home or in a neighborhood library. They may receive individualized assistance in a community-based agency, an educational institution, or a one-stop career center.	Rezo travay Sant la prepare a ak sèvis ki la pou bay biznis yo ak moun k ap chèche travay yo sa yo bezwen kèlkeswa fason an kèlkeswa kote a, se nan avantaj kliyan an sèvis sa yo ye. Kliyan yo gen dwa chwazi ki sèvis yo vle pran nan sant lan jan yo pito. Yo ka telefone nan Sant lan oubyen yo ka sèvi ak òdinatè yo lakay yo oubyen nan yon bibliyotèk piblik nan zòn bò lakay yo. Yo ka mande pou yo ede yo poukont yo nan yon Sant ki nan kominote a, nan yon lekòl oubyen nan yon Sant santral ki gen tout sèvis pou prepare moun pou travay.
On-site Industry-specific Training	**Fòmasyon sou chantye pou yon travay espesifik**	This is training which is specific to the needs of a particular employer and/or industry. Participants may be trained according to requirements developed by an employer for a job site. There may be an agreement to hire participants who have successfully completed training.	Sa se yon aprantisaj pou yon konpayi an patikilye oubyen pou yon endistri. Yo ka prepare anplwaye yo dapre fason patwon ki nan yon djòb mande pou yo prepare anplwaye yo. Kapab gen yon antant ki fèt pou patwon an bay moun ki fini pwogram aprantisaj la kòrèk, yon djòb lè yo fini.

On-the-Job Training (OJT)	**Fòmasyon nan travay (OJT)**	This is training which is specific to the needs of a particular employer and/or industry. Participants may be trained according to requirements developed by an employer for a job site. There may be an agreement to hire participants who have successfully completed training.	Sa se yon aprantisaj pou yon konpayi an patikilye oubyen pou yon endistri. Yo ka prepare anplwaye yo dapre fason patwon ki nan yon djòb mande pou yo prepare anplwaye yo. Kapab gen yon antant ki fèt pou patwon an bay moun ki fini pwogram aprantisaj la kòrèk, yon djòb lè yo fini.
OSERS	**OSERS**	Office of Special Education and Rehabilitative Services. OSERS is federal office within the US Department of Education that administers special education and rehabilitation services.	Biwo Edikasyon pou moun ki andikape ak Sèvis pou reyabilitasyon(OSERS). OSERS se yon biwo federal ki anndan Depatman Edikasyon o Zetazini ki fè pwogram edikasyon pou moun ki andikake ak sèvis reyabilitasyon.
Out-of-school youth	**Jèn ki kite lekòl**	Means (A) an eligible youth who is a school dropout; or (B) an eligible youth who has received a secondary school diploma or its equivalent but is basic skills deficient, unemployed, or underemployed.	Sa vle di (A) yon jèn ki kite lekòl ki ka patisipe nan pwogram nan ; oubyen (B) yon jèn ki ki ka patisipe nan pwogram nan ki gen diplòm lekòl segondè li oubyen yon ekivalan men ki pa gen ladrès de baz yo, oubyen ki pa nan yon travay ki peye ase.
Outreach	**Met moun okouran**	An effort by program staff to encourage individuals in the service delivery area to use the program services.	Se efò anplwaye nan pwogram nan yo fè pou ankouraje moun ki travay nan kote yo bay sèvis yo pou yo sèvi ak sèvis pwogram nan ofri yo.
Overpayment	**Peman anplis**	An amount of benefits paid to an individual to which the individual was not legally entitled.	Se valè lajan yo bay yon moun ki pa t kalifye pou l jwenn lajan sa a.
Placement	**Chèche travay**	The act of obtaining unsubsidized employment for or by a participant.	Se lè yon moun ki patisipe nan pwogram nan ap chèche travay ki pa sibvansyone pou tèt li obyen oubyen lè yon moun k ap travay nan pwogram nan ap chèche travay pou yon moun ki nan pwogram nan.
Pre-apprenticeship Training	**Preparasyon anvan fòmansyon**	Any training designed to increase or upgrade specific academic, or physical skills required as a condition for entry into a specific type of work.	Nenpòt fòmasyon ki fèt pou ogmante oubyen pou amelyore nivo akademik, oubyen kondisyon fizik yon moun dapre kondisyon yon kalite travay.
Pre-enrollment Assessment	**Evaliyasyon anvan yon moun aplike**	A process to determine the employability and training needs of participants before enrolling them into the program. Individual factors considered during pre-enrollment assessment include: a judgment of vocational interests, abilities, previous education and work experience, income requirements, and personal circumstances.	Se yon fason pou detèmine ki kalite travay yon moun ka fè ak ki fòmasyon li bezwen anvan yo anrejistre li nan pwogram nan. Men enfòmasyon yo chèche: gade si moun nan enterese nan aprann metye, ki sa moun nan ka fè, nivo edikasyon li, esperyans travay li, ki valè lajan moun nan vle fè, epi nan ki sitiyasyon moun nan ye.
Public assistance	**Wèlfè**	Federal, State, or local government cash payments for which eligibility is decided by a needs or income test.	Se yon egzamen ki pèmèt yo wè sa yon moun bezwen ak valè lajan li fè pou wè si moun nan kalifye pou jwenn lajan kach nan men gouvènman Federal la, nan Eta a, oubyen nan men gouvènman lokal la.

Rapid Response	**Repons rapid**	Early intervention services provided by the state or by an agency chosen by the state in case of a factory closing, a natural or other disaster that causes job loss for large numbers of workers, in order to assist dislocated workers in obtaining reemployment as soon as possible.	Se sèvis pou ede moun bonè Eta a bay oubyen ajans Eta a chwazi pou bay yo lè gen yon faktori ki fèmen, lè gen dezas oubyen lòt malè ki fè anpil anplwaye pèdi travay yo, pou ede anplwaye sa yo jwenn travay tousuit.
Referee	**Abit**	(See Administrative Law Judge)	(Tcheke seksyon Jij Administratè lwa yo)
Rehabilitation services	**Sèvis reyabilitasyon**	Services provided by a licensed or authorized professional in accordance with an individualized plan of care intended to improve or maintain a client's quality of life and optimal capacity for self-care. Services include physical and occupational therapy, speech pathology, and low-vision training.	Se sèvis yon pwofesyonè ki lisansye oubyen yon pwofesyonèl yo otorize bay dapre plan yo fè pou yon sèl moun pou okipe moun nan pou amelyore kalite vi li epi pou ede l pran swen tèt li. Men ki lòt sèvis yo bay: terapi fizik, terapi pou fè yon travay yon moun te konn abitye fè, terapi pou pale, ak fòmasyon pou aprann moun ki pa wè byen pou yo eseye wè.
Remedial Education	**Edikasyon de baz**	Educational instruction, particularly in basic skills, to raise an individual's general competency level in order to succeed in vocational education, or skills training programs, or employment.	Se fè lekòl pou moun pou ba yo ladrès de baz, pou ede yo ogmante nivo konpetans jeneral yo pi wo pou yo ka rive pi lwen lè yo pral aprann yon metye, oubyen pou mete yo nan pwogram ki ba yo plis ladrès, oubyen pou ede yo jwenn travay.
Reopened Claim	**Refè yon demann**	An application for unemployment insurance filed after a break in a claim of at least one week caused by something other than employment. (See Additional Claim.)	Se lè yon anplwaye al re-ranpli aplikasyon pou chomaj peye apre li te sipann ranpli aplikasyon an pandan yon semèn, se pa poutèt li jwenn yon travay men pou kèk lòt rezon. (Tcheke seksyon Demann anplis.)
Resume	**Kourikoulòmvite**	The basic document that shows a job candidate's employment and academic qualifications, and history of employment. It is a requirement to apply for most jobs and an opportunity to show why the candidate is best suited for the job being applied for.	Se dokiman ki montre ki kote yon moun k ap chèche travay te konn travay ak nivo etid li fè, epi ki travay li te fè deja. Se yon dokiman ki nesesè pou tout moun k ap chèche travay epi tou se yon fason pou montre pou ki sa moun k ap chèche travay la kalifye pou travay la.
Retention	**Kenbe yon travay**	Continuing or keeping a job, usually for at least 90 days or more.	Se jan yon moun kontinye yon travay poubyen kenbe yon travay pandan 90 jou oubyen plis pase sa.
SCANS Competencies	**Sa yon moun dwe reyalize pou SCANS**	Developed by the US Department of Labor's Secretary's Commission on Achieving Necessary Skills, these are a specific set of skills and competencies determined by the commission as those people need to succeed in the world of work.	Sa yo se ladrès ki klè Komisyon sou Aprann ladrès ki nesesè nan Depatman di travay prepare kòm ladrès moun bezwen pou yo ka jwenn siksè nan afè travay.
School dropout	**Elèv ki kite lekòl**	A person who is not in school and who has not received a secondary school diploma or a General Equivalency Diploma (GED).	Se yon moun ki pa lekòl epi ki poko gen Diplòm ki ekivalan ak diplòm lekòl segondè a (GED).
Self-sufficiency	**Travay pou okipe tèt ou**	The ability to earn enough money to support oneself.	Se kapasite yon moun genyen pou l fè ase kòb pou l okipe tèt li.

Separation Issue	**Pwoblèm revoke**	Issues that must be adjudicated to determine if an unemployment insurance claimant's reason for separation is disqualifying under state law, issues generally involve voluntary leavings (quits), discharges (misconduct), or labor disputes.	Se koze ki dwe al devan lajistis pou detèmine si rezon yon moun ki aplike pou chomaj peye bay poutèt li pèdi travay li, si rezon sa yo valab devan lwa nan Eta a. An jeneral se koze sa yo ki mennen diskisyon: lè yon moun kite travay li, lè yo revoke yon moun pou move konduit li, oubyen lè gen mezantant ant sendika ak patwon.
Social Security Number (SSN)	**Nimewo sosyal (SSN)**	The 9-digit identification number assigned to an individual by the Social Security Administration under the Social Security Act.	Se nimewo idantifikasyon ki gen 9 chif Biwo sosyal bay yon moun dapre ak sou Sekirite Sosyal la.
Subsidies	**Sibvansyon**	Cash assistance or similar payments for transportation, housing, food or other basic expenses.	Lajan kach oubyen lòt fason yo ede moun peye transpò, lwaye, manje ak lòt depans ki nesesè.
Substance Abuser	**Moun ki bwè epi ki pran dwòg**	An individual dependent on alcohol or drugs, whose dependency results in a significant barrier to employment.	Se yon moun ki toujou ap bwè kleren oubyen pran dwòg yon fason ki anpeche li jwenn travay.
Suitable Work	**Travay ki bon pou yon anplwaye**	Work that is determined to be reasonable for a claimant considering his or her skills, training, education and experience.	Se travay yo detèmine ki bon pou yon moun ki nan chomaj peye dapre ladrès li genyen, fòmasyon li pran, nivo lekòl li ak esperyans li.
Supportive Services	**Sèvis pou ede anplwaye**	Services that are needed to help a person to participate in job training or job search. Supportive services may include transportation, health care, financial assistance, drug and alcohol abuse counseling and referral, individual and family counseling, special services and materials for individuals with disabilities, job coaches, child care and dependent care, temporary shelter, financial counseling, and other reasonable expenses required for participation in the program and may be provided in-kind or through cash assistance.	Se sèvis yon moun bezwen pou ede l patisipe nan pwogram fòmasyon epi pou l al chèche travay. Pami sèvis ki la pou ede yo gen: transpò, swen sante, lajan, konsèy pou moun ki bwè ak moun ki pran dwòg ak sèvis ki refere yo nan kote pou yo jwenn èd, konsèy pou yon moun oubyen pou tout fanmi a, sèvis espesyal ak materyèl pou moun ki andikape, antrenè pou moun k ap chèche travay, gadri pou timoun, gadri pou granmoun, kay pou abite pou yon ti tan, konsèy pou ede moun ak lajan yo, ak lòt ti depans ki nesesè pou yon moun patisipe nan pwogram nan. Yo ka bay kòb sa a an lajan kach oubyen yo ka ede li yon lòt fason.
TANF	**TANF**	Temporary Assistance to Needy Families is a federal program providing cash, medical or food assistance for parents and children.	Asistans tanporè pou fanmi ki nan bezwen se yon pwogram Gouvènman Federal ki bay paran ak pitit yo lajan kach, swen sante ak manje.
Trade Adjustment Assistance (TAA)	**Èd pou anplwaye komès fè yo pèdi travay yo (TAA)**	Trade Adjustment Assistance service and allowances provided for achieving reemployment of adversely affected workers, including TRA, training, and other re-employment services, and job search allowance and relocation allowances.	Se èd yo bay anplwaye ki sibi anba Chanjman nan afè komès ki pèdi travay yo, pou yo ka jwenn lòt travay, TRA, fòmasyon, ak lòt kalite sèvis ki ede moun jwenn lòt travay, lajan pou ede moun al chèche travay ak lajan pou ede yo bwote al abite lòt kote.
Trade Readjustment Allowance (TRA)	**Chèk yo bay anplwaye komès fè yo pèdi travay yo (TRA)**	A weekly allowance payable to an affected worker with respect to such worker's unemployment.	Se yon chèk yo bay yon anplwaye chak semèn poutèt travavy yo pèdi dapre kalite travay anplwaye a tap fè.
Training Market	**Biznis fòme anplwaye**	A training market reflects an approach with vendors selling training directly to individual participants rather than through intermediary organizations.	Mache pwogram fòmasyon an, sa vle di fason konpayi ap vann sèvis fòmasyon yo bay moun dirèkteman olye yo pase pa yon lòt òganizasyon.

Training services	**Sèvis fòmasyon**	The education and employment training services to be offered at no cost to One-Stop system customers who have been unable to get a job after having received one or more core services and one or more intensive services (see also Individual Training Account -- ITA).	Se fòmasyon ak konesans yo ofri kliyan ki ale nan Sant Santral yo paske yo pa ka jwenn travay apre yo te fin ba yo youn oubyen apil gwo sèvis ak youn oubyen plizyè sèvis entansif. (Tcheke seksyon ITA (Kont pou chak moun al pran fòmasyon)tou).
Unemployment Compensation (UC) program or Unemployment Insurance (UI) program	**Pwogram chomaj peye(UC) oubyen Pwogram asirans pou chomaj (UI)**	The federal -state program that provides unemployment benefits to eligible individuals covered under state or federal unemployment insurance laws.	Se yon pwogram Federal la ak pwogram Eta a ki bay moun ki kalifye dapre lwa Eta a ak lwa Federal sou asirans pou moun ki pèdi travay yo chomaj peye.
Unemployment Compensation Program for Federal Employees (UCFE)	**Chomaj peye pou anplwaye Federal (UCFE)**	The federal unemployment insurance program that provides benefits to former employees of the federal government.	Se yon pwogram asirans federal ki bay ansyen anplwaye gouvènman federal la kèk avantaj.
Unemployment Compensation for Ex-Service members (UCX)	**Chomaj peye pou moun ki te nan lame(UCX)**	The federal unemployment insurance program that provides benefits to ex-service members.	Se yon pwogram asirans federal ki bay ansyen militè kèk avantaj.
Universal Services	**Sèvis pou tout moun**	Services available to every individual through the One-Stop system without regard to any specific eligibility criteria, including information about job vacancies, career options, employment trends, job search techniques, resume writing, and access to the employment training provider lists.	Se yon sèvis tout moun ka jwenn nan Sistèm Sant Santral yo san yo pa bezwen kalifye pou sa, se sèvis tankou, ki kote k ap bay travay, chwa karyè, ki kalite travay y ap bay kounye a, teknik sou kouman pou chèche travay, fason pou prepare yon kourikoulòmvite, ak pèmisyon pou wè lis kote ki bay fòmasyon pou anplwaye.
Unsubsidized Employment	**Travay ki pa sibasyone**	A job for which wages are paid directly by the employer and that is not subsidized through any government program.	Se yon djòb kote se patwon an sèl ki peye travayè a se pa oken pwogram gouvènman ki sibvansyone peman yo.
Vocational Exploration Training	**Fòmasyon pou moun k ap chèche metye**	A process to find out, by testing or counseling, what job occupations will best fit a customer's abilities and needs.	Se mwayen yo sèvi pou chèche konnen ki travay k ap pi nan avantaj anplwaye a ak sa li pi bezwen, yo bay anplwaye a yon egzamen oubyen yo pale avè l.
Vocational Rehabilitation	**Aprann andikape metye**	An agency or program that provides vocational services to individuals with disabilities. Every state has a State Vocational Rehabilitation agency with local district offices. The state/federal program is administered by Rehabilitation Services Administration (RSA), within the Office of Special Education and Rehabilitation Services (OSERS), in the US Department of Education. The state and local vocational rehabilitation program is a mandatory One-Stop employment service partner.	Se yon ajans oubyen yon pwogram ki aprann moun ki andikape metye. Chak Eta gen yon ajans Reyabilitasyon nan afè travay ki gen biwo lokal nan distrik yo. Se Administrasyon Sèvis Reyabilitasyon an (RSA) ki anchaj pwogram federal ak pwogram Eta yo, nan Biwo Edikasyon pou moun ki andikape ak Sèvis reyabilitasyon (OSERS), nan Depatman Edikasyon nan Etazini. Pwogram Eta a ak pwogram lokal pou aprann metye yo se patnè Sant Santral yo obligatwaman.
Weekly Benefit Amount (WBA)	**Chèk yo ba wou chak semèn (WBA)**	The amount payable to an unemployment insurance claimant for each compensable (eligible) week of total unemployment.	Se valè lajan yo ka bay yon moun ki aplike pou chomaj peye pandan chak semèn li kalifye yo nan valè total li genyen pou peye chomaj li.

Welfare and/or Public Assistance recipient	**Moun ki nan wèlfè ak moun ki jwenn èd sosyal**	A person who, during the course of the program year, receives or is a member of a family who receives cash welfare or public assistance payments under a Federal, State, or local welfare program.	Se yon moun ki resevwa lajan kach oubyen fanmi li resevwa lajan kach nan pwogram wèlfè a oubyen asistans sosyal nan yon pwogram wèlfè Federal, lokal, nan Eta a, oubyen pandan ane li nan pwogram nan.
WIA	**WIA**	See Workforce Investment Act	Tcheke Ak sou Envestisman nan Travayè a
Work Experience	**Esperyans nan afè travay**	A temporary activity (six months or less) which provides a person with the opportunity to gain the skills and knowledge necessary to perform a job, including work habits and behaviors, and which may be combined with classroom or other training.	Se yon aktivite tanporè (6 mwa oubyen mwens pase sa) ki bay yon moun opòtinite pou l vin gen ladrès ak konesans ki nesesè pou l fè yon travay, ladan gen fason moun nan travay ak jan moun nan konpòte li, yo kapab konbine sa ak travay nan klas ak lòt kalite fòmasyon.
Workforce Investment Act (WIA)	**Ak sou Envestisman nan Travayè (WIA)**	An Act of the United States Congress to establish programs to prepare youth and unskilled adults for entry into the labor force and to give job training to those economically disadvantaged individuals and other individuals who face serious barriers to employment and who are in need of such training to obtain prospective employment.	Se yon Ak Kongrè Etazini an fè pou prepare jèn ak granmoun ki pa gen ladrès pou yo fè kèk travay pou prepare yo pou yo ka antre sou mache travay la epi pou bay sa ki pòv ak sa ki gen pwoblèm ekonomik serye fòmasyon pou yo ka travay epi ki bezwen preparasyon sa a anpil pou yo ka jwenn travay.
Workforce Investment Board (WIB) (Local)	**Komisyon pou Envestisman nan Travayè (WIB) (Lokal)**	replaces local Private Investment Councils; members are appointed by the chief elected official (CEO); WIBs have the role of strategic planning, policy development and oversight of the local workforce investment system. Like the state WIB, the local WIBs require 51% business membership with a minimum of 2 labor representatives.	Komisyon sa a ranplase Konsèy Prive sou Envestisman yo; se ofisye yo eli pou dirije a (CEO) ki chwazi manm nan komisyon sa a; WIB yo gen kòm responsablite pou yo fè plan estratejik yo, pou yo devlope règleman epi pou yo voye je sou sistèm envestisman pou prepare travayè yo. WIB a mande pou gen 51% biznis kòm manm ak yon minimòm 2 reprezantan sendika travay yo, menm jan ak règleman Eta a.
Workforce Investment Board (WIB)(State)	**Komisyon pou Envestisman nan Travayè (WIB)(Eta)**	replaces State Private Investment Council or Human Resource Investment Council; is established by the Governor with membership meeting Federal guidelines; 51% must be representatives of business; minimum 2 labor representatives; the SWIB develops the state plan and oversees how it is carried out.	Komisyon sa a ranplase Konsèy Prive sou Envestisman yo oubyen Konsèy sou Envestisman nan resous zimèn; se Gouvènè a ki mete Komisyon sa a sou pye ak règleman Gouvènman Federal la; pou gen 51% biznis kòm manm ak yon minimòm 2 reprezantan sendika travay yo; SWIB devlope plan eta a epi li voye je sou fason yo fè l mache.
Work Search	**Chèche travay**	An individual state requirement that the claimant must seek suitable work in a week for which benefits are claimed.	Se règleman Eta a pou moun k ap resevwa chomaj peye a chèche travay ki bon pou li pandan semèn l ap resevwa chèk li a.
WTW - Welfare-to-Work	**"WTW" - Soti nan wèlfè al travay**	A series of federal and state plans to move people from welfare into employment and training for better jobs.	Se yon seri plan Federal ak plan Eta yo pou yo wete moun nan wèlfè mete yo nan travay epi ba yo fòmasyon pou yo jwenn pi bon travay.

Youth	**Jèn moun**	In the WIA program, any young person, between the age of 14 and 21 years of age, who may be in school or out-of-school, and whose family income is within the WIA Low Income Guidelines: Eligible youth -- Except as provided in subtitles C and D, means a person who-- (A) is not less than age 14 and not more than age 21; (B) is a low-income individual; and (C) is a person who is one or more of the following: (i) has a low reading level. (ii) did not finish high school. (iii) homeless, a runaway, or a foster child. (iv) pregnant or a parent. (v) has been convicted of a crime. (vi) needs additional assistance to finish an educational program, or to find and keep employment.	Nan pwogram WIA a, nenpòt jèn, ki nan laj 14 a 21 an, ki lekòl oswa ki pa lekòl, epi valè lajan fanmi yo ap fè tonbe nan kategori moun ki pap fè anpil lajan dapre WIA a: Jèn ki kalifye -- Esepte jan sa make nan sou-tit C ak D yo, sa vle di yon moun -- (A) ki pa gen mwen pase 14 an epi plis pase 21 an; (A) ki pa gen mwen pase 14 an epi plis pase 21 an; (B) ki pap fè anpil lajan; epi (C) ki nan youn oubyen plis pase youn nan kategori sa yo: (i) ki pa li anpil. (ii) ki pa fini etid segondè li. (iii) ki pa gen kay, ki sove, oubyen ki sou responsablite leta. (iv) ki ansent oubyen ki deja gen pitit. (v) ki deja ba l yon santans pou yon krim li komèt. (vi) ki bezwen plis èd pou l ka fini yon pwogram lekòl li ladan oubyen pou chèche epi pou l rete nan yon travay.